

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab dipedar sababaraha kacindekan ahir tina hasil panalungtikan. Dumasar kana kacindekan-kacindekan kasebut ditepikeun sababaraha saran anu aya patalina jeung judul panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Dina ieu bab baris dipedar kacindekan hasil panalungtikan kalawan nyoko kana tujuan anu geus dirumuskeun saméméhna, nya éta ngeunaan korélasi antara kompetensi jeung performansi ngadongéng. Ieu kacindekan didéskrripsikeun ieu di handap.

- 1) Kompetensi linguistik dina ngadongéng siswa kelas X SMAN 20 Bandung dina komponén.
 - a. Intonasi/ lentong anu jumlah skorna 352, rata-rata hitungna nya éta 3,91 lamun ditilik tina kritéria meunteun berarti rata-ratana lentong alus teu méngpar teuing jeung ngadeukeutan sampurna.
 - b. Komponén diksi anu jumlahna 175 rata-rata hitungna nya éta 3,88, lamun ditilik dina kritéria meunteun berarti rata-rata diksi na mernih tur ngadeukeutan sampurna.
 - c. Komponén lafal anu jumlah skorna nya éta 180,5 rata-rata hitungna nya éta 4,01, lamun ditilik dina kritéria meunteun berarti rata-rata lafalna euweuh kasalahan, teu méngpar jeung ngadeukeutan sampurna.
 - d. Komponén korélasi eusi pedaran jeung jejer anu jumlah skorna 348 kalayan rata-rata hitungna 3,83 lamun ditilik dina kritéria meunteun katitén yén eusi pedaran ngadeukeutan sampurna.
 - e. Komponén struktur kalimah miboga skor totalna nya éta 172,5 kalayan rata-rata hitungna 3,83, lamun ditilik dina kritéria meunteun katitén yén struktur kalimah ngadeukeutan sampurna.

Jadi jumlah kaseluruhan miboga jumlah skor 1227, rata-rata hitungna 27,26 kalayan skor idealna 35. satuluyna dikana skala 10 keun nya meunang jumlah 349,8 kalayan rata-rata 7,8.

Deden Herdiana, 2013

KORÉLASI ANTARA KOMPETENSI JEUNG PERFORMANSI NGADONGÉNG SISWA KELAS X SMAN 20 BANDUNG TAUN AJAR 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2) Performansi dina ngadongéng siswa kelas X SMAN 20 Bandung dina unggal komponén.

a. Komponén kawani

anu ngabogaan jumlah skor 171,5 kalayan rata-rata itungna 3,81, lamun ditilik dina kritérie meunteun yen kawani lumayan tur ngadeukeutan sampurna.

b. Komponén tagog/gerak-gerik

miboga jumlah skor 173 kalayan rata-rata itungna 3,84, lamun ditilik tina kritéria meunteun katitén yen tagog jeung gerak-gerik teu kaleuleuwihi.

c. Komponén pasemon

miboga jumlah 177,5 kalayan rata-rata itungna 3,94, lamun ditilik dina kritéria meunteun nya éta pasemon ngadeukeutan sampurna.

Jadi skor total tina sakabéh komponén nya eta 520,5 kalayan rata-rata itungna nya éta 11,57 kalayan skor idéalna nya éta 15, satuluyna dikana skala 10 keun anu miboga jumlah 346,9 anu rata-rata itungna nya eta 7,7.

3) Aya korélasi anu signifikan antara kompetensi linguistik jeung performansi dina ngadongéng siswa kelas X SMAN 20 Bandung, kapanggih niléy r_{itung} nya éta 0,435, sedengkeun nurutkrun r_{tabel} pikeun (n) dina 45 dina tarap kepercayaan 99% nya éta 0,380, Ieu nétélakeun yén r_{itung} leuwih gedé tibatan r_{tabel} , kulantaran kitu, bisa dicindekeun yén antara konpétensi linguistik jeung performansi miboga korélasi anu positif. Satuluyna di uji hipotésis kapanggih angka hipotésis t_{itung} 6,62 jeung t_{tabel} pikeun n= 45 dina kapercayaan 99% téh nya éta 2,42, Tina hasil éta bisa katitén yén $t_{itung} (6,62) > t_{tabel} (2,42)$, Ku kituna bisa dicindekeun ayana korélasi atawa hubungan antara kompetensi linguistik jeung performansi ngadongéng siswa kelas X SMAN 20 Bandung, Dumasar kana hasil diluhur. Tétéla yén hipotésis ditarima kusabab geus dibuktikeun ayana korélasi atawa hubungan anu signifikan kompetensi linguistik jeung performansi dina ngadongéng, hartina lamun dina kompetensi linguistikna alus berarti dina performansi na ogé alus.

5.2 Saran

- 1) Dina ieu panalungtikan kapanggih yén ayana korelasi anu signifikan antara kompetensi linguistik jeung performansi kalayan siswa geus mampuh dina ngadongéng. Saméméh ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar, hususna dina pangajaran basa sunda, leuwih hadé guru salaku nu boga peran penting dina ngajar bisa leuwih mere sumangét sarta numuwuhkeun minat jeung kareueus boh dina sastra, sajarah katut budayana dina kasundaan sarta kana pangajaran basa sunda anu hadé tur luyu jeung kamekaran jiwa siswa.
- 2) Saluyu jeung hasil panalungtikan ngeunaan korélasi antara kompetensi linguistik jeung performansi dina ngadongéng, hususna dina pangajaran nyarita perlu pisan dilatih pikeu ningkatkeun kamampuh anu aya patalina jeung makena basa.
- 3) lingkungan Kulawarga tangtu miboga peran penting pikeun nagtukeun dina kaparigelan nya nyarita hiji siswa, hususna nyarita di hareupeun jalma réa.
- 4) panyusun miharep ieu hasil panalungtikan aya mangpaatna, sarta ka hareupna aya panalungtik anu leuwih jero tibatan ieu panalungtikan.

DAFTAR PUSTAKA

- Arikunto, Suharsimi. (2010). *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Arsjad dan Mukti. (1982). *Pembelajaran Berbicara*. Jakarta: Rineka cipta
- Danadibrata. (2006). *Kamus Basa Sunda*. Bandung : Kiblat.
- Danandjaja, (1986). *Folklor Indonésia Ilmu Gosip, Dongéng, dan Lain-lain*. Jakarta: Grafiti.
- Fatturohman, T. (1983). *Ulikan Sastra*. Bandung: Geger Sunten.
- Gasanti, Rosi (2013). *Metode Démontrasi Pikeun Ngaronjatkeun Kamamouh Siswa Dina Ngadongéng (studi kuasi eksperimén ku siswa kelas X SMA Negeri 1 Tasikmalaya Taun Ajar 20012/2013)*. Bandung: JPBD UPI.
- Haerudin. (2009). *Padika Nyaria Basa Sunda*. Bandung: UPI.
- Hotami, Retna (2011). *Korélasi Antara Kamampuh Biantara Jeung Prestasi Diajar Basa Sunda Murid Kelas X SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajar 2010/2011*. Bandung: JPBD UPI.
- Iskandarwassid, (2004). *Raksarasa*. Bandung : Geger Sunten.
- Iskandarwassid. (1992) *Kamus Istilah Sastra*. Bandung: Geger Sunten.
- Jamaludin. 2003. *Problematika Pembelajaran Bahasa dan Sastra*. Adicita Karya Nusa.
- Koswara, Dedi. (2003). *Racikan Sastra*. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UPI.
- Kridalaksana, Harimurti. (1993). *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.
- Luxemburg, Jan Van. (1984). *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta : Gramedia.
- Maulida, Desni. (2007). *Kamampuh Ngadongéng Siswa Kelas X SMK Kencana Bandung*. Bandung: JPBD UPI.
- Rahayu,Budi, B. (1996). *Pangajaran Sastra sunda Pikeun SD, SLTP, SMU, jeung umum*. Bandung: CV, Pustaka Setia.
- Rusyana, Yus. (1982). *Panyungsi Sastra*. Bandung : Rahmat cijulang.

Sudaryat, Y. (2010). *Ulikan Fonologi Basa Sunda*. Bandung: JPBD UPI

Sujana, (2005). *Metoda Statistika*. Bandung : Tarsito.

Sumarsono, Tatang. 1984. *Pedaran Sastra Sunda*. Bandung: Medal Agung.

Universitas Pendidikan Indonesia. 2011. *Pedoman Penulisan Karya Ilmiah*.
Bandung : UPI.

